

**Chèche**

**Yonn**

**Pa**

**Yonn**

**Yon etid Biblik.**

Siw deja sove w se yon Disip pou Kris, se Responsabilite w pou chèche Nanm pou Kris. Bib la di si pa gen moun ki pou pale pou li lap fè ròch yo pale nan plas nou. Se yon gran nesosite pou nou pale de Levanjil Kris la,..

**De Melvin T.Lacock.**

**Tradwi pa Pastè Dicerne Bernadin.**

<b>Papa</b>	<b>yonn</b>	
<b>Pitit la</b>	<b>yonn</b>	<b>Trinite a.</b>
<b>Sentespri a</b>	<b>yonn</b>	

Etid sa va Sèvi nan ministè ayisyen nan legliz Batista Biblica de Florianopolis, pou ede frè ayisyen nou yo grandi nan fwa kap viv nan peyi bresil . e tout lot kote nan Monde lan

**Florianopolis: Rua irma Bonavita, coloninha.**

**Diriji pa Pastè moises Damazio.**

Yon Legliz ki preche pawòl Bondye a Jan I ye a nan Bib la.

Jezi ap rele w vini jwenn li, I vle sove w pa gen tan ankò remèt viw a Kris.

**INDICE****Premye pati: Doctrine de base.**

Leson 1.....ekriti yo.....	.....
Leson II .....Bondye papa.....	.....
Leson III.....Bondye pitit la, Jezi kris.....	.....
Leson IV.....Bondye , sentespri.....	.....
Leson V.....diab la.....	.....
Leson VI.....Kreyasyon an.....	.....
Leson VII.....Peche.....	.....
Leson VIII.....Repantans.....	.....
Leson IX.....La fwa.....	.....
Leson X.....Sali.....	.....
Leson XI.....2eme vini kris la.....	.....
Leson XII....Syèl la.....	.....
Leson XIII...Lanfè.....	.....

## 2<sup>ème</sup> Pati a : enstriksyon pou Kretyen yo.

### La vi kretyen yo nan Kris la.

Leson XIV..... sekirite Sali a.....

Leson XV.....La priyè.....

Leson XVI.....Tantasyon.....

Leson XVII.... yon vi de viktwa.....

### Konpòtman Kretyen nan Kris

Leson XVIII.....Volonte Bondye.....

Leson XIX.....Sangtifikasyon.....

Leson XX.....Separasyon ak mond lan e fo doktrin.....

### Kominyon Kretyen an nan Kris.

Leson XXI....Legliz la.....

Leson XXII...Batèm e sentsèn Seyè a.....

### Temwanyaj Kretyen an pou Kris.

Leson XXIII...Kretyen an e temwanyaj li.....

Leson XXIV...Metòd evangelizasyon yonn pa yonn.....

## Leson I

### Ekriti yo.

Liv Biblik yo : Matye, Mak, Lik, Jan,.

*Vèsè memwa: II Tim 3:16.*

#### Pawòl Bondye a , enspire.

1-Kiyès kite enspire ekriti yo? Iltim 3:16. Rep: Bondye

Bib la te ekri pa anviron 40 òm ki te dire yon peryòd de 1500 ane . pami òm sa yo te gen pechè pwason, tankou (Pyè, Jak, Jan) ; entelektiyèl (Pòl) poète ( David, Salomon); Profèt ( Jeremi, Ezayi, Ezekyèl , Danyèl, ect.).

2-Kiyès kite dirije Jeremi, Ezekyèl, e Jan Lè yo tap ekri ekriti pa yo? Il pyè 1:21

Rep:Re sentespri

3-Kiyès kite dirije Jeremi, Ezekyèl e Jan lè yo tap ekri Profesi pa yo? ( Jeremi:36:1-2, Ezekyèl 1:3, Revelasyon 14:13) Rep: Bondye

#### Pawòl Bondye a etènèl .

4- Konbyen tan Pawòl Bondye a va dire? ( Som 119 : 89.Ezayi 40 :8, Matye 24 :35.\_\_\_\_\_

**Rep : etènèlman**

#### Pawòl Bondye a-pote nouriti pou vi espiyèlman chak moun.

5-Kisa ki nesèsè pou grandi espiyèlman? Matye 4:4.

**Repons : tout Pawòl ki soti nan Bouch Bondye ; deja nan Bib la.**

6- Kòman nou wè Pawòl Bondye a ? Ipyè 2:2.

#### Pawòl Bondye a- se Limyè.

Pawòl Bondye se Limyè ki klere chemen kote ki gen move pa pou kretyen yo.

7-Ak kisa nou ka konpare Pawòl Bondye a? Sòm 119:105.

a\_\_\_\_\_ b\_\_\_\_\_

8-Kisa Pawòl Bondye a bay nou? Sòm 119:130.

A\_\_\_\_\_ b\_\_\_\_\_

9- Poukisa Apòt Pòl pat ront Levanjil Kris la? Wom 1 :16\_\_\_\_\_

---

10- Kisa nou dwe itilize, kòm zam defansif nou, nan yon gè esprityèl? Efezyen 6:17.

---

11-Ak ki sa nou ka konpare Pawòl Bondye a ? Heb 4:112. \_\_\_\_\_

12- ki gro efè Pawòl Bondye a nan lavi chak Moun?

a-Sòm 119:9 \_\_\_\_\_

b-Sòm 119:11 \_\_\_\_\_

**Propozisyon Pawòl Bondye a.**

13-Bib la pale sou divinite de Kris. Ki pwè li bay sou Jezi? Jan 20:31. \_\_\_\_\_

---

14- Ki konesans sèten Bib la bay nou? Ijan 5 :13. \_\_\_\_\_

**Pawòl Bondye, pa dwe gen konfli.**

15\_ kisa vèsè sa yo anseye Konsènan move propo sou Pawòl Bondye a(Det 4:2 \_\_\_\_\_

---

Det12:32, Prov 30:6, Rev 22:19 tou pale sous a.

**Pawòl Bondye a- gen obligasyon pou etidye l.**

16- Pouki nou dwe egamine Ekriti yo ?

a-Wom 10 :17 \_\_\_\_\_

b-Jan 5 :39 \_\_\_\_\_

17- tout tan Kòman nou dwe egzamine ekriti a ? Travay 17 :11. \_\_\_\_\_

**Pawòl Bondye pap janm fayi.**

18 – Kòman Pawòl Bondye ki pap janm fayi a te pwouve a Izrayelit yo? Iwa 8:56.

---

19- Kite Pwomès Bondye nan Ezekyèl 12 : 25 ? \_\_\_\_\_

---

## Leson II

### Bondye, Papa.

Liv Biblik yo: Travay, Women, Icor, Ilcor.

*Vèsè memwa. Gen 1:1.*

#### Bondye- Kreyatè a.

1-Kiyès ki kreye Syèl ak tè a ? Gen1:1. \_\_\_\_\_

2- Kilè Tè a te kreye, sou kisa li te soutni? Jòb 26:7. \_\_\_\_\_

3-Kiyès ki te Kreye Lòm? Gen 1:27. \_\_\_\_\_

#### Bondye se yon trinite.

4- Ki 3 Pèsòn trinite a? selon Matye3:16-17, Matye28:19, Il cor 13:13.

a \_\_\_\_\_ b \_\_\_\_\_ c \_\_\_\_\_

Bib la pa mansyone mot trinite a , men ekriti yo(Bib la), anseye doctrin trinite a.

#### Atribisyon Bondye.

##### Lanmou.

5- Kisa Vèsè sa yo anseye konsènan Nati Bondye ? Ijan 4 :9-10. \_\_\_\_\_

6- Kòman Bondye manifete Lanmou l ? Ijan 4 :9-10. \_\_\_\_\_

##### Etènèl

7- selon Sòm 90 :2, Dipi kilè Bondye te egziste ? \_\_\_\_\_

##### Omnipòtan.

8- Kisa Bondye ka fè ? Jòb 42 :2. \_\_\_\_\_

9-Kòman Bondye dekri nan Jenèz ? 17 :1 \_\_\_\_\_

##### Omniprezan.

10- Ki kote Bondye ye :

a. Det 4 :39. \_\_\_\_\_

b. Prov 15 :3 \_\_\_\_\_

**Omnisyan.****11- Kisa Bondye konnen ?**

a. Sòm 147 : 5 \_\_\_\_\_

b. Prov 5 :21 \_\_\_\_\_

c. Jeremi 16 :17 \_\_\_\_\_

**sen**

12- Santi prezans Bondye (selon Ezayi 6 :3,) ki atitid nou pou peche ? selon Sòm 5 :4. \_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**Mizerikòd**

Paske Bondye renmen nou, Li gen mizerikòd pou nou, li vle sove nou. Nou merite yon pinisyon etènèl akòz peche nou yo, men fado inikite nou yo, paske Bondye renmen nou, el sove nou, si nou kwè nan li konplètman.



### Leson III

**Bondye Pitit la, Jezi kris.**

**Liv Biblik : Gal, Ef, Fil, Col.**

**Vèsè : Jan 1 :1**

#### **Jezi Kri- Pre egzistans li.**

1-Kisa Vèsè sa yo anseye konsènan kris la kòm Etènèl ?

a.Miche 5 :2 \_\_\_\_\_

b.Jan 1 :1 \_\_\_\_\_

c.Jan 8 :58 \_\_\_\_\_

2- Kòman yo te rele Jezi nan Vèsè sa yo ?

a.Mat 12 :28 \_\_\_\_\_

b.Jan 20 :28 \_\_\_\_\_

c. Ezayi 7 :14 \_\_\_\_\_

d. Mat 1 :21 \_\_\_\_\_

e. Mat 2 :2 \_\_\_\_\_

f. Jan 1 :29 \_\_\_\_\_

g. Jan 8 :12 \_\_\_\_\_

h.Ezayi 9 :16 \_\_\_\_\_

i. Jan 1 :18 \_\_\_\_\_

J. Jan 10 :11 \_\_\_\_\_

l.Jan 1 :41 \_\_\_\_\_

« Kris » siyifi an Grek ' Messi' nan Ebre li gen yon santiman yon nom ki Pròp (san peche).

#### **Jezi Kri Kreyatè a.**

3- Kisa Jezi te kreye? Jan 1:3, Icor 8:6 \_\_\_\_\_

**Jezi kris- enkanasyon I.**

4- De kiyès Jezi te pran nesans Ezayi 7:14 ? \_\_\_\_\_

5- Jezi te pran fòm moun selon (fil 2 :7 ) e I te fèt nan resanblans kiyès, fil 2 :7 ? \_\_\_\_\_

6-Lè Jezi te fè Lòm , kisa kite manifeste nan la chè selon Itim 3 :16 ; Rom 16 : 25-27.

7-selon akonplisman profesi nan Ezayi 7 :14, pa kiyès Jezi te pran Nesans Lik 1 : 30-31

8- Pa kiyès Mari te resevwa Jezi selon Mat 1 :20 ? \_\_\_\_\_

9- Ki kote Jezi te fèt ? selon Mat 2 :1 \_\_\_\_\_

**Jezi e Divinite li.**

10- Kisa Jezi di selon Jan 10 :30, konsènan divinite li ? \_\_\_\_\_

11- Kiyès Jezi ye , selon pawòl pyè ? nan Mat 16 :16 \_\_\_\_\_

12- kisa ki pwouve divinite de jezi ? Wom 1 :14 \_\_\_\_\_

13- kòman vèsè sa bay verite sou divinite Jezi kris ? Jan 1 :1 \_\_\_\_\_

14- Kisa kite abite nan Kò imen de Jezi? Selon colos 2:9 \_\_\_\_\_

15- Nan okazyon Batèm de Jezi , ak ki pawòl prop papa I te rekonèt divinite li. Selon Mat : 3 :17. \_\_\_\_\_

**Jezi Kri- Lanmò, antèman-I e rezireksyon-I.**

16-Pouki Jezi te mouri sou kwa ? Icor :15 :3 \_\_\_\_\_

17- Pouki Jezi te vini nan mond lan ? Itim 1 :15 \_\_\_\_\_

18- Ezayi 53 :5 se yon profesi trè klè sou lanmò seyè Jezi. Selon vèsè sa, pouki Jezi te Blese ? \_\_\_\_\_

19-pouki sa e ki kote Jezi te krisifye ? Jan 19 :17. \_\_\_\_\_

20-Pouki Jezi te Vése san li sou la kwa ? Heb 9 :22 \_\_\_\_\_

21-Selon Ipyè 1 : 18-19, Kòman yon kapab repanti pou peche I ? \_\_\_\_\_

22-fè obsèvasyon konsènan rezireksyon Jezi nan Mat 16 :21 e Jan 2 :19.

23- Kòman Profesi sa te rive akonpli ? Mat 28 :1, Mak 16 :1. \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

24-devan kiyès Jezi te parèt apres rezireksyon l ?

a.Mak 16 :9 \_\_\_\_\_

b. Lik 24 :13, 15, 18 \_\_\_\_\_

c. Lik 24 :33, 36 \_\_\_\_\_

d. Icor 15 :5 \_\_\_\_\_

e. Icor 15 :6 \_\_\_\_\_

25-Pouki rezireksyon l gen yon enpotans de vi ? Wom 10 :9. \_\_\_\_\_

26-Ki sekirite pou lanmò nan Kris ak rezireksyon Jezi bay ? selon Ites 4 :14 \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**Jezi kri – e monte l nan syèl.**

27- 40 jou apres lanmò , antèman e rezireksyon l,ki kote l te ale ? Travay 1 : 3, 9 \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**Vèsè sa yo te pale tou sou asansyon Jezi : Mak 16 :19, Lik 24 :51.**

28- Ki kote Jezi ye Jodia ? Jan 14 :2, Heb 4 :14 \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**Jezi kri e retou li.**

29- Lè Jezi te monte nan Syèl la, kisa Zanj yo te promèt Disip yo? Travay 1 :11. \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

30.Kilè Jezi pral Retounen Mat 24 :36 \_\_\_\_\_

31- Lè n wè retou Kris la senten ki ta dwe atitud nou ? Lik 12 :40 \_\_\_\_\_

## Leson IV

### Dye Sentespri a.

Liv nan Bib la :Ites , Il tes,Itim, Il tim .

Vèsè memwa : travay 1 :8

#### Sentespri, e tit li yo.

1-Ki Nom yo te bay sentespri a ?

a).Jan 14 :17 **Rep: ESpri de verite**

b) Jan14 :26 **Rep: Konsolatè.**

c.) Icor 3 :16 **Rep : Espri de Dye.**

d)Gal 4 :6 **Rep: Espri pitit la.**

e) Ipyè 1 :11 **Rep: espri de kris.**

#### Sentespri e Nati li.

**Sentespri a se pèsòn , se pa yon enfliyans..**

2-Kiyès sentespri a ye ? selon wom 8 :14, Travay 5 :3,4.

Rep:li se Dye

**Sentespri a se lespri Bondye ki reprezante nan Bib la, kòm menm Nom Ki itilize kòm referans tankou yon moun.**

3- ann gade selon Il cor 13 :13 la 3 pèsòn ki genyen nan trinite a.

**a. Rep : la gras seyè jesi**

**b. Rep : Lanmou Bondye**

**c. Rep : Kominyon sentespri a.**

#### Travay Sentespri a

4- Ki travay sentespri a nan pasaj sa yo ?

a.)Travay 1 :8 **Rep:Temwanyaj**

b)Wom 8 :16: **Rep :Li montre n se Pitit Bondye.**

- c) Lik 12 :12 **Rep: Li ansye nous a pou nou di**
- d)Jan 14 :26 **Rep: Li anseye nou e fè n sonje tout sa jezi te di.**
- e)Jan 16 :13-14 **Rep: Li Mennen nou nan tout verite, e anonse bagay pou wè bagay ki glorifye Nom jezi.**
- f) Jan 6 :63 **Rep: Li bay lavi**
- g) ef 4 :30 **Rep: Nou gen so pou gran jour rezireksyon an . ef 1:13.**
- h) Jan 16: 7\_8 **Rep: li montre mond lan peche yo , jistis Bondye.**
- i) Jan 3:5 **Rep: li fè nou fèt yon 2eme fwa e antre nan woyòm Bondye a.**
- J) Icor 3:16 **Rep: Li abite nan nou; nou se tanp li.**
- l) Icor 2:12 **Rep: Li fè nou konnen kisa Bondye te ofri nou gratwit**
- m) Wom 8:11 **Rep: lap viv nan Kò nou ki gen pou mouri**
- n) Wom 8:26 **Rep : li asiste nou nan feblès nou . lap plede pou nou nan vye konpòtman nou yo.**

**Leson V**

**Dyab la.**

**Liv nan Bib la: Tit, Filemon, Hebre, Jak.**

**Vèsè memwa Ezayi 14:13,14.**

**Orijin djab la.**

**Bib la montre nati orijinal satan e montre pozisyon l nan syèl la.**

1 -koman eksplike satan nan Ezekyèl 28:12? \_\_\_\_\_

2- Kote satan te rete? Ezekyèl 28:12 \_\_\_\_\_

3 -Kisa satan te ye menm? Ezekyèl 28:14. \_\_\_\_\_

4- pouki Bondye te voye satan deyò nan syèl la? Ezekyèl 28:17 \_\_\_\_\_

**Gade tou ; Apoc 12:9.**

5- Nan ezayi 14:13 , ki peche satan te fè? \_\_\_\_\_

6-Ann obsève enpòtans premye moun nan Ezayi 14:13,14.

a. \_\_\_\_\_ b. \_\_\_\_\_ c. \_\_\_\_\_ d \_\_\_\_\_

7- Kisa Bondye di konsènan satan? (Lik 10:18). \_\_\_\_\_

**Dyab la ak tit li yo.**

**8. Kòman dyab la rele nan pasaj sa yo?**

a. Apoc 9:11 \_\_\_\_\_

b- Apoc 12:10 \_\_\_\_\_

c- 2 cor 6:15 \_\_\_\_\_

d- Mat 12:24 \_\_\_\_\_

e- Mat 4:1 \_\_\_\_\_

f. 2cor 4:4 \_\_\_\_\_

g- Efes 2:2 \_\_\_\_\_

h- Jan 14:30 \_\_\_\_\_

i. Gen 3:4 \_\_\_\_\_

j. Apoc 20:2 \_\_\_\_\_

**dyab la e travay li.**

**Tantatè:**

9- Kòman satan te tante Èv?( Gen 3:1) \_\_\_\_\_

10- Ki 3 fason satan te itilize pou tante Jezi? (Mat 4:3,6,8,9).

a. \_\_\_\_\_

b. \_\_\_\_\_

c. \_\_\_\_\_

11- Kiyès ki tante Kreyen yo? (Ites 3:5) \_\_\_\_\_

Gade tou (I cor 10:13.)

12- Ki 3 direksyon Satan itilize pou l tante ?( I Jan 2:16).

a. \_\_\_\_\_

b. \_\_\_\_\_

c. \_\_\_\_\_

**Calomniatè.(mantè)**

13. Kòman Satan te kalomnye Job? job 1:9-11

**Ipokrizi de satan ( enganador).**

14- Pou satan egzekite plan-l li transfome tout verite an manti. II cor 11:14

**Satan rann kreyen avèg poul tronpe yo.**

15- satan rann Kreyen yo avèg, pou l fe manti sou yo,(II cor 4:4) \_\_\_\_\_

16- Kisa satan fè ak paròl ki simen nan Coeur Lom. Mak 4:15. \_\_\_\_\_

**satan e destinasyon . I**

17- ki sa ki pral santans final pou satan ? Ap 20 :10, \_\_\_\_\_

## Leson VI

### *La Creation:*

*Liv Biblik yo: I pye, II Pye, I jan, II Jan, III Jan, Jld, Ap.*

**Vèsè memwa: Gen 1:27.**

### **Kreyasyon inivè a.**

**01-**Kiyès kite kreye inivè a? Gen 1:1; Neyemi 9:6. \_\_\_\_\_

**02-** Nan konbyen jou Bondye te travay pou l te kreye mond lan? Gen 1:31. \_\_\_\_\_

**03-** sou kisa n konprann inivè a te kreye selon paròl Bondye a? eb 11:3. \_\_\_\_\_

**04-** Kisa inivè a ye , kisa Dye kreye, ki revele nan pròp Bondye menm? Rom1:2.

a- \_\_\_\_\_ b. \_\_\_\_\_

### **Kreyasyon Lòm.**

**05-**Lòm te kreye nan imaj kiyès? Gen 1:27. \_\_\_\_\_

**06-** ak kisa Bondye te kreye lòm? Gen 2:7. \_\_\_\_\_

**07-** Kisa Bondye te soufle nan Nen Lòm. \_\_\_\_\_

**Explication souf, nan yon lot sans:** Souf de vie se sentespri, nan sans ke yon moun ka experimante kominyon ak Bondye. Chak yon moun peche, kominyon l ak Bondye kraze, prezans sentespri vin pal (tris ) nan vil (ef4:18). Nan kondisyon sa , moun nan avèg li pap ka tande bagay espirituel . paske sentespri a tris nan vil, konsyans li lwen reyalite spirityèl. Icor 2:14.

**08-** Kisa Bondye te bay lòm domine sou yo?(. Gen1:26) \_\_\_\_\_

**09-** Ki kote Bondye te mete lòm apwè l te fin kreye l?Gen 2 :8 \_\_\_\_\_

**10-** ki Kondisyon Bondye te passe ak Lòm? Gen 2:16-17. \_\_\_\_\_

**11-** Kòman lòm te dezobeyi kondisyon sa? Gen 3:1-13 \_\_\_\_\_

**Lè Bondye te kreye Lòm, li kreye lom e bal liberte l ( livre arbitre) li te gen liberte pou l chwazi antre byen e mal.**

**12-** kisa rezilta dezobeyisans Lom pote kom rezilta pou Lom.?( Rom 5:12 ).

**13-**Pouki Bondye te kreye lòm e inivè a? Ezayi 43:7 \_\_\_\_\_



## Leson VII

### Peche

Liv Biblik yo: Gen, Exode, Livitik, Nomb, Deut.

Vèsè memwa; Rom 6:23.

#### Orijin peche .

01-Kite premye peche kite komèt? Gen 3:6. \_\_\_\_\_

02-A koz peche Adam e Èv, ak ki nati chak moun pran nesans? Som 51:5. \_\_\_\_\_

03- Lòm pran nesans ak yon nati peche, akoz de sa tout moun peche. Ki konsekans peche a nan lavi lòm? Jak 1:15, 4:1. \_\_\_\_\_

#### Peche nan tout inivè a.

04- Kòman romen 3:23 dekri kondisyon ras( humaine)? \_\_\_\_\_

05- lis ki dekri depwavyasyon lòm, Ezayi 64:6.

a. \_\_\_\_\_ b. \_\_\_\_\_

06- anpil moun di yo pa janm peche paske yo pa janm tiye moun , yo pa janm fè sa ki mal. Men kisa Bondye di nan 1Jan 1:8 konsènan moun sa yo? \_\_\_\_\_

#### Definisyon peche.

##### Enkredilite.

07- Rom 14:23 \_\_\_\_\_

##### Inikite.

08- 1Jan 5:17 \_\_\_\_\_

##### Transgresyon la lwa.

09- 1Jan 3:4 \_\_\_\_\_

##### Desprezo.

10- Prov 14:21 \_\_\_\_\_

##### Neglije fè bagay ki dwat.

11- Jak 4:17 \_\_\_\_\_

**Konsekans peche.****Mort fizik e mort espiyèl.**

12- Kisa Bondye promèt konsenan rezilta peche a? Gen 2:17. \_\_\_\_\_

13- Apres Adan e Èv te fin peche ki malediksyon yo te resevwa? Gen 3: 19 \_\_\_\_\_

14- Ki rekonpans peche a? Rom 6:23. \_\_\_\_\_

**Separasyon ak Bondye.**

15- Kisa ki separe nou ak Bondye? Ezayi 59:2 \_\_\_\_\_

**Pèsòn moun paka evite peye pri peche a.**

16- Kisa Bondye Promèt a mond pedi sa. Pr 11:21.? \_\_\_\_\_

**Si salut Bondye a te rejte, pap gen mwatye salut se va direktteman pinisyon etènèl.  
He2:3.****Konviksyon Lòm pou l peche.**

Gen moun avan yo te sove , konviksyon yo se rete kom yon gro pecheur e yo panse yo pa bezwen sove.

17- Ki rezilta konviksyon an, jan sa ekri nan Som38:4. \_\_\_\_\_

18- Kite resilta konviksyon peche David nan Som 51:3 \_\_\_\_\_

**Konfesyon peche. Se yon Lòd pou chak kwayan.**

19- Kisa n dwe fe konsenan peche selon Jak 5:16? \_\_\_\_\_

20- Ki lod kite pase nan Jeremi 3:13? \_\_\_\_\_

**Exemple konfesyon pèsònèl.**

21- ann obsève pawòl chak sèvitè kit e relate nan verset sayo .

a.Nomb 22:34 \_\_\_\_\_ b. Josue 7:20 \_\_\_\_\_

c-1Samue 15:24. \_\_\_\_\_ d.2Samuel12:13 \_\_\_\_\_

d- Lik \_\_\_\_\_ f.Lik 15:18 \_\_\_\_\_

**Padon pou peche:**

22- SI nou konfese peche nou yo , kisa Bondye te promèt lap fè? 1 Jan 1:9. \_\_\_\_\_

## Leson VIII

### Repantans.

Liv Biblik : Josue, juge, rute.

Vèsè memwa: Ezayi 55:7.

#### Definisyon mot Repantans:

Repantans montre yon chanjman nan direksyon yon moun te pran ki pat nan volonte Bondye.

01-Lè pitit anfan prodig te fin repanti ,ki chanjman de direksyon l te fe? Lik 15:17-18. \_\_\_\_\_

**Repantans siyifi w te nan yon chemen pèdi akoz peche (aveugle). Ki karakterize yon profon regrè .**

02- kòman mo repantans lan relate nan 2 cor7:10. \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

03- Kisa David di nan Som 38:18. \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

#### Repantans eksite konfesyon pou peche a:

04- Konfesyon kiyès ki prezante nan verset sa yo?

a.Nombre 22:34 \_\_\_\_\_

b. II Samuel 12:13 \_\_\_\_\_

c. Lik 5:8. \_\_\_\_\_

d. Lik 15:18. \_\_\_\_\_

05. Kisa kite promèt nan verset sa yo?

a. Pr 28:13 \_\_\_\_\_

b. I Jan 1:9 \_\_\_\_\_

#### Repantans prodwi abandon du peche.

06. Ki lòd Jezi te pase fanm yo te akize pou peche l la? Jan 8:11. \_\_\_\_\_

07- selon Proverb 28:13, apres konfesyon peche a , kisa ki dwe fèt? \_\_\_\_\_

08- Selon Ezayi 55:7, Ki gran promesse Bondye si n pran move chemen peche a? \_\_\_\_\_

**Egzanp de Repantans.**

09- Kòman Rwa Jozias te montre Repantans li? Il 22:19. \_\_\_\_\_

10- selon Esdras 10:1 kòman I te prouve repantans ? \_\_\_\_\_

11- Le jòb te repanti, kisa I te fè? Jòb 42:6. \_\_\_\_\_

12- Apres apòt Pyè te dil pat konnen jezi pandan 3 fwa, kòk la te chante 2 fwa. Le pye te tande sa li te vin sonje paròl jezi te di kòk pap gentan chante lap trayi l 3 fwa. Koman I te montre yon coeur ki repanti? Mak 14: 72. \_\_\_\_\_

13- lè anfan prodig la te repanti kisa I te fè? Lik 15:21. \_\_\_\_\_

14- Ekri paròl repiblikan an , lèl te repanti a. Lik18:13 \_\_\_\_\_

**Rezilta repantans lan:**

15- kisa seyè te promèt moun ki repanti yo? Ezayi 55:7 \_\_\_\_\_

A. \_\_\_\_\_ b. \_\_\_\_\_

16- Kiyès Seyè a sove Som 34:18 \_\_\_\_\_

17- Kisa Bondye Promèt a tout moun ki repanti de move chemen yo? Il kronik 7:14.

a. \_\_\_\_\_

b. \_\_\_\_\_

c. \_\_\_\_\_

## Leson IX

### La fwa.

*Liv Biblik yo: I Samuel, II Samuel, I Rwa, IIRwa, I kronik, II kronik.*

Vèsè memwa: Heb 11:1.

#### Definisyon la fwa.

01-Selon heb 11:1 ki 2 definisyon pou lafwa?

a. \_\_\_\_\_ b. \_\_\_\_\_

La fwa se konfyans e asirans ke paròl Bondye se verite, ke Bondye ap akonpli promès li, e esperans ke tout bagay ap rive jan Bondye promèt li a. la fwa se yon konfyans san mezi nan Bondye, nan pouvwa e kapasite l pou l akonpli tout bagay jan nou espere l la.

#### Orijin lafwa:

02-kisa yon moun bezwen tande avan l kwè? Wom 10:17.

#### Rezilta la fwa.

#### Justifikasyon.

03-Selon Wom 5:1 kòman yon moun ka jwenn jistifikasyon l? \_\_\_\_\_

04- Ki rezilta Jistifikasyon an? Wom 5:1 \_\_\_\_\_

05- Selon Wom 3:20 jistifikasyon pa rezilta ki bagay? \_\_\_\_\_

06- Kisa la lwa mande? Selon Wom 3:20 \_\_\_\_\_

07- Nan Nom kiyes e pou kiyes nou jistifye? II cor 6:11. \_\_\_\_\_

08- pa lafwa nan kiyes nou jwenn jistifikasyon an? Galat 2:16. \_\_\_\_\_

09- nan jistifikasyon an, nou declare jis nan Bondye. Men selon fil 3:9, ki jistis kretyen yo genyen? \_\_\_\_\_

#### Sali a.

10- kòman yon moun ka sove? Ef 2: 8-9. \_\_\_\_\_

**Leson X****Le salut.**

*Liv Biblik: ESdras , Neemi , Ester, .*

**Vèsè memwa : Jan 3:16.****Sove pa gras**

01-Kisa Bondye te ofri an sakrifis pou Lòm te ka gen lavi etènèl ? Wom 6:23. \_\_\_\_\_

02-Ki kado Bondye pou Lòm? Wom6:23. \_\_\_\_\_

03-Kòman yon Moun kapab sove? Ef 2:8. \_\_\_\_\_

**Lòm sove, Sèlman pa jezi kri.**

04- Nan kiyes Lòm dwe kwè pou I sove? Actes 16:31 \_\_\_\_\_

05- Kisa Jezi te montre nan Jan 10:9? \_\_\_\_\_

06- kòman travay 4:12 eksplike nesesite yon kwayan pou I ka sove? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

07- Kòman Jezi montre lanmou I pou lòm? Wom 5:8. \_\_\_\_\_

**Sove , pa gras.**

08- Kisa Wom 3:24 di konsènan Sali a? \_\_\_\_\_

09- Ki apèl ki fèt , pou yon moun ka sove nan Tra 22:17. \_\_\_\_\_

**Kondisyon pou kapab sove.**

10- ki 2 kondisyon pou sove nan Women 10:9?

a. \_\_\_\_\_ b. \_\_\_\_\_

11- ki kondisyon ki mansyone nan vèsè sa yo.

a. II Tim 3:15 \_\_\_\_\_ b. I Jan 1:9 \_\_\_\_\_

12- Pou sove, kisa yon moun dwe fè.? Rev 3:20. \_\_\_\_\_

## Leson XI

### 2ème retou jezi kri.

*Liv Biblik yo: Jòb, Sòm, provèb, Eklezyas, chante.*

*Vèsè memwa : Ites 4:16-17.*

#### Siyifikasyon 2ème retou jezi kri.

01-Kiyès ki va desann sot nan syèl la? Ites 4:16-17. \_\_\_\_\_

02-Kiyès kite wè Jezi lèl tap monte nan syèl la? Lik 24:50-51. \_\_\_\_\_

03-Kisa zanj lan di lòm , konsènan fason retou Jezi ? Travay 1:11 \_\_\_\_\_

Manifestasyon 2ème retou Jezi a, se yon periòd de tan ki va kòmanse ak anlèvman Legliz( sen yo), Ites 4:13-17, ki pral swiv a gran tribilasyon an, Mat 24:21, e milenyòm nan Travay 20:1-6, Rezireksyon moun ki pat sove yo Travay 20: 5 e 13, e Jijman gran tròn blan Travay 20: 11-15, ect.

04- Kisa Jezi te promèt nan Jan 14:23.? \_\_\_\_\_

#### Kisa ki pral genyen nan 2ème retou kris la?

##### Anlèvman Kwayan yo .

05-Lè jezi vini nan 2ème retou a, kiyès ki pral resisite? Ites 4:16. \_\_\_\_\_

06- Kiyès ki pral resisite pou al rankontre seyè a? Ites 4:17 \_\_\_\_\_

07- Nan rezireksyon mort yo , lè kris la va tounen , ki chanjman ki pral fèt nan kò kreyen yo? Icor14 :53. \_\_\_\_\_

08- Ak kisa kò kreyen ki resisite yo pral sanble? Fil 3:21. \_\_\_\_\_

09- Kisa moun ki sove pral genyen? Iltim 4:8. \_\_\_\_\_

10- ki rekonpans ki mansyone nan Ipyè 5:4? \_\_\_\_\_

11- I cor 3:12-15 pale de yon rekonpans ki baze sou tip de aksyon yo itilize nan tèks sa:a. \_\_\_\_\_ b. \_\_\_\_\_

12- Kisa ki pral rive nan tribinal kris la? II Cor 5: 10. \_\_\_\_\_

**Rwayòm Kris la.(Milenyòm).**

13-konbyen tan Jezi kri pral reye sou tè sa .? Travay 20:4\_\_\_\_\_

14- Diran peryòd de tan sa, kisa ki pral rive ak satan? Travay 20:2\_\_\_\_\_

15\_ Nan fen milenyòm nan < kisa ki pral genyen?

a.Rev. 20: 7-9\_\_\_\_\_

b. Ver. 20:10\_\_\_\_\_

c. Ver. 20:11-15\_\_\_\_\_

d. Ver. 21e 22\_\_\_\_\_

**Atitud yon kretyen nan retou 2èm vini jezi kris la.**

16-Ki efè ki va gen sou vi e esperans kretyen nan 2èm vini jezi a? IJan 3:3.\_\_\_\_\_

17- Ki fòs e esperans rezireksyon moun ki mouri yo gen pou kretyen yo? Ites 4: 14-18.\_

\_\_\_\_\_

**Moman 2èm vini jezi kris la.**

18- Kiyès ki konnen kilè Jezi ap retounen? Mat 24:36. \_\_\_\_\_

19- kijan eksplike retou Kris la nan Ites 5:2\_\_\_\_\_

20- Itim 4:1-5 eksplike bagay ki pral montre Jezi pa lwen vini. Kisa yo ye?\_\_\_\_\_

21- pandan Seyè jezi ap parèt tout bon, ki demonstrasyon ki pral genyen selon Mat 24:44?\_\_\_\_\_

22- Kòman yon moun ka prepare pou rankontre Seyè Jezi? Travay 16:31.\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_



## Leson XII

### Syèl la.

Liv Biblik Ezayi, Jeremi, Lamantasyon, Ezekyèl, Daniel,.

Vèsè de memwa : Jan 14:2

#### Kote Bondye rete.

1-Selon det 26: 15, kote Bondye rete? \_\_\_\_\_

2- Selon Ezayi 66:1, kisa syèl la ye? \_\_\_\_\_

#### Kote Kretyen yo pral rete.

3- Ki promès Jezi nan Jan 14:2? \_\_\_\_\_

4- Selon II cor 5:8, lè yon kretyen mouri , ki kote espri l ale? \_\_\_\_\_

5- Kiyès ki pral nan syèl la? I tes 4: 16-17. \_\_\_\_\_

#### Jwa nan syèl la.

6- Selon Vèsè sa yo, kiyès ki pap parèt nan syèl la?

a.Travay 21:1. \_\_\_\_\_ b.travay 21:4. \_\_\_\_\_

c-Travay 22:5. \_\_\_\_\_

7- Kiyès dènye ledmi ki pral detwi ? II cor 15: 26 \_\_\_\_\_

#### Travay 20:14 pale de sa tou .

8- Nan rezireksyon kretyen yo ki chanjman ki pral rive? Icor 15:53. \_\_\_\_\_

9- Ekri deskripsyon Syèl la jan l ekri nan travay 21:10 a 27. \_\_\_\_\_

10- kisa ki pral gran jwa kretyen yo nan syèl la?.I tes 4:17. \_\_\_\_\_

11- Kiyès ki pral rete nan nouvo syel la.rev 21:27. \_\_\_\_\_

12- Kiyès ki pap ka rete nan Syèl la? Rev 21:8. \_\_\_\_\_

13- Kisa ki limyè nan syèl la. Trav 21:23. \_\_\_\_\_

14- Ki siplikasyon final ki revele nan rev 22:20? \_\_\_\_\_

***Si Jezi vini jodia , eske w pres pou al rankontre l? li pral mennen nou nan syel la , pou n ka avek li pou tout tan gentan?. Si w santi w ki dout de as refleche jodia menm paske jezi vle sove w.***

### Leson XIII

#### Deskripsyon Lanfer.

Liv bibliik : Oze, Joel, Amos, Abdias.

Vèsè memwa: Lik 16:24

1-Kòman lik 16:24 montre ke lanfè se yon lye de soufrans nan konsyans?\_\_\_\_\_

2- Selon Mat 22:13 ki tip de kote lanfè a ye.\_\_\_\_\_

**Selon Ipye 2:17 tou.**

3- lanfè se yon dife literal. Selon sa ki ekri nan Mak 9:43-48 \_\_\_\_\_

4- Selon Lik 16: 19-26 kisa ki montre lanfè se yon lye de separasyon ?\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**Dire lanfè**

5- Konbyen de tan lanfè a va dire, selon Matye 25:46?\_\_\_\_\_

6- Selon vèsè sa yo , kiyès ki va nan lanfè a?

a.Travay 19:20.\_\_\_\_\_ b.Mat 25:32,33, 41\_\_\_\_\_

c.Travay 20:10\_\_\_\_\_ d.IIpye 2:4\_\_\_\_\_

e.Som 9: 17\_\_\_\_\_ f. Travay 20:15\_\_\_\_\_

g.Mat 7:21-23\_\_\_\_\_

## Leson XIV

### Sekirite Sali a.

Liv bibliik : Jonas, Miche, Naroum, Habakuk.

*Verset de memoire: Ijan 5:13.*

### Santi sekirite Sali a.

1-Selon Jan 1:12, le yon moun aksepte Jezi kòm sovè, kisa k sekirite l? \_\_\_\_\_

2- ki sekirite yon Kreyen nan kris selon II Tim1:12? \_\_\_\_\_

3- ki la fwa yon Kreyen genyen selon fil 1:16? \_\_\_\_\_

### **Baz sekirite a.**

#### **Promès Bondye.**

4-Tout sa Bondye Promèt aksepte lap rive? Jan 6:37. \_\_\_\_\_

5- kiyès Jezi promèt lavi Etènèl? Jan 10:27-28 \_\_\_\_\_

6- Kisa Jezi promèt a moun kap vini après nou yo nan Jan 10:29? \_\_\_\_\_

#### **Lanmou Bondye**

7- kiyès ki ka separe yon Kreyen de lanmou Bondye? Rom 8: 35-39. \_\_\_\_\_

8- Kòman lanmou Bondye manifeste nan mond lan? I Jan 4:9. \_\_\_\_\_

#### **Temwanyaj sentespri a.**

9- Kisa sentespri a mete nan kè pitit Bondye yo. Rom 5:5 \_\_\_\_\_

10- Kisa sentespri a teste nan kè kreyen yo Rom 8:16 \_\_\_\_\_

11- koz sentespri a ki nan kè kreyen yo, kisa Kreyen yo konnen ? I Jan 4:13. \_\_\_\_\_

#### **La fwa**

12 Kreyen yo jistifye pa la fwa e gen la paix nan kè ak Bondye Rom5:1-2 \_\_\_\_\_

#### **Espas sekirite a.**

13- Bondye se Sali mwen. Ezayi 12:2 \_\_\_\_\_

14- de kisa yon Kreyen an sekirite, nan I Jan 5:13? \_\_\_\_\_

15- pa adopsyon spirityèl, kisa yon moun tounen loske resevwa kris? I Jan 3:2 \_\_\_\_\_

16- poukisa yon Kreyen dwe rele Bondye , papa I? Rom 8:15. \_\_\_\_\_

17- De kisa pitit Bondye yo sekirize, nan ltes 1:4 \_\_\_\_\_

**Evidence sekirite a.**

18- Kòman nou konen nou dwe pase pa lanmò pou lavi etènèl I Jan 3:14 \_\_\_\_\_

19- Kòman yon Kreyen ka sèten I rete pèmanan nan Bondye? Ef 3:12. \_\_\_\_\_

## Leson XV

### La priyè.

Liv Biblik: sofoni, Aje, Zakari, Malachi.

Vèsè memwa I Jan 5 :14.

#### Kondisyon pou n jwenn rezilta nan la priyè.

1-Ki 2 kondisyon pou gen yon rezilta nan la priyè ? II kronik 7 :14.

a. \_\_\_\_\_

b. \_\_\_\_\_

2- Kisa Bondye mande nan la priyè ?Jeremi 29 :13. \_\_\_\_\_

3- Ki kondisyon ki te bay nan Mak 11 :24 ? \_\_\_\_\_

4- avan n jwenn rezilta la priyè, kisa nou dwe konfese ? Jak 5:16. \_\_\_\_\_

5- Si nou espere resevwa nenpòt bagay nan men Bondye, kisa n bezwen sere(jere) IJan 30:22.

\_\_\_\_\_

6- selon IJan 5:14, kòman nou ka konnen Bondye tande Priyè nou ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

#### Koz feblès nan la Priyè.

